ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

LITERATURE IN SHONA 4069/2

PAPER 2 Mitambo neNganonyorwa

SPECIMEN PAPER 1 hour 45 minutes

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu.

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **miviri** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji matatu nerimwe chete risina kunyorwa chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen Paper.

CHIKAMU A: Mitambo

Pindura mubvunzo **mumwe chete** kubva muchikamu chino.

Moyo, A. C: Kereke Inofa

1 Kubva pane zvinoitika mumutambo Kereke Inofa, tsanangura zvinhu **zvisere** zvinokwanisa kuparadza kereke.

[25]

2 Makakatanwa mazhinji ari pakati pevatambi vari mumutambo Kereke Inofa anokonzerwa nechipfambi. Tsigira pfungwa iyi nezviri mumutambo uyu ugoratidzawo kuti kusawirirana kwega kwega kunoguma sei.

[25]

Tsodzo, T.K.: Tsano

3 Ndezvipi zvisingafadzi maererano neupenyu hwemudhorobha zvinoburitswa muna Tsano? Tsigira pfungwa dzako nezvinhu **zvisere** zvinobva mumutambo.

[25]

4 Unotii nemaburitsirwo anoitwa vanhukadzi nevanhurume muna Tsano wakatarisana nekutendeseka kweunhu hwavanopiwa? Tsigira pfungwa dzako nezviitiko zvinobva mumutambo uyu.

[25]

CHIKAMU B: Nganonyorwa

Pindura mubvunzo **mumwe chete** kubva muchikamu chino.

Mubuya, M.: *Manyambiri*

5 Makakatanwa mazhinji ari muna *Manyambiri* anokonzerwa nokuchengetwa kwemapatya kwaisatenderwa mumazuva iwayo. Tsigira pfungwa iyi nezviitiko **zvisere**.

[25]

6 Ndedzipi tsika dzepasichigare dzinoburitswa muna *Manyambiri* dzaunofunga kuti hadzifaniri kuregwa dzichitsakatika? Tsigira netsika dzakabuda munyaya iyi.

[25]

Makata, M.F.W.: *Gona reChimurenga*

7 Unofunga kuti zvii zvakatokonya munyori kunyora rungano *Gona reChimurenga*? Tsigira nezvinhu **zvishanu**.

[25]

8 Kubva pamatambudziko anoburitswa muna *Gona reChimurenga*, tsanangura **mashanu** anojekesa kuzvipira kwevarwi verusununguko pakusungungura Zimbabwe kubva kuvapambevhu. [25]

BLANK PAGE